# Проектан х1отто

# «Нохчийн мотт – г1иллакхийн хьоста».

| **Мероприяти** | **Кхочушдан деза** | **Тоба** | **Терахь** |
|---|---|---|---|
| 1. Дийцаре дира «Ненан маттах лаьцна дош». | Кхетош кхиорхо | Хьалхара «Звёздочки» | 04.04.2022ш. |
| 2. «Сан Даймохк» дика йиш лакхарн конкурс. | Кхетош кхиорхо Мукъаман куьйгалхо | Хьалхара «Звёздочки» ишколазхо Микиева С. | 07.04.2022ш. |
| 3. Суьрташ дахкархойн конкурс «Нохчийн байракх». | Кхетош кхиорхо | Хьалхара «Звёздочки» | 08.04.2022ш. |
| 4. Дийцаре дира «Нохчийн къоман г1ийлакх – оьздангалла». | Кхетош кхиорхо | Хьалхара «Звёздочки» | 11.04.2022ш. |
| 5. Заняти Коьчал: «Нохчийн къоман г1иллакх – оьздангалла». | Кхетош кхиорхо | Хьалхара «Звёздочки» | 14.04.2022ш. |

**Заняти хьалхарчу тобанехь «Звёздочки»**

**Коьчал:** «Нохчийн къоман г1иллакх-оьздангалла»

**1аморан 1алашонаш:** Къоргера кхетам балар дешархошна нохчийн г1иллакхеха, оьздангаллехь а.

**Кхетош – кхиоран 1алашонаш:** нохчийн къоман г1иллакх – оьздангалла жимачохь дуьйна езаш – евзаш бераш кхетош кхиор; Масалашкахь берашна довзийтар, муха лело нохчийн г1иллакхаш.

**Гайтаман г1ирс**: урокан конспект, баби а дади а т1едуху духар, стол пхьег1аш.

**Г1уллакхан тайпа д1адахьар.**

**Г1улакхан тайпа:** керла коьчал 1амор.

**Кхетош-кхиорхочо** ролик гойту, чохь г1иллакх лелош долу сурт долу.

**Кхетош-кхиорхо:**

- Бераш, стенах лаьцна йара вай хьаьвсина ролик? (Нохчийн г1иллакхех.)

- Аш леладой арахь, чохь, вайн берийн бешахь, баккхийчаьрца, кегийчаьрца, кхетош кхиорхошца г1иллакх? (До.)

- Бераш, х1инца ас шуна дийцар доьшур ду. Дийцаран ц1е йу «Хаза г1иллакх».

Дуьне хаздинарг малх бу, буьйса хазйинарг седарчий, беттаса ду. Вайн дахар хаздинарг адамийн оьздангалла, г1иллакх ду.

Бераш! Шуна ма - хаъара вайн дайшна, дедайшна юкъахь хилла г1иллакх- оьздангалла, ларам. Пиллакх - иза адамаша вовшаца лелочу гергорлонийн кепаш, куьцаш, дозанаш ду. Оьздангалла хlора стеган леларехь, амалашкахь гучяьлла ца 1аш, шен сица а, синкхетамца хила езаш ю.

Хаза г1иллакхаш ду вай: да-нана ларар, церан хьашташка хьажар, вовшашна г1о дар, гергорло леладар, вуо болх хилча орцах довлар.

Вай нохчийн маттахь дукха газеташ, книжкаш т1ехь, «Стела1ад» журнал т1ехь ду туьйранаш, киццанаш, аларш, дийцарш. Царах дукхахдерш шуна дийцина ду, 1амийна ду.

**Кхетош-кхиорхо:**

- Х1инца вай цхьажимма садо1ур ду.

**Сада1аран миноташ.**

Г1иллакхе верг наха лору.
«Дукха ваха!» - цуьнга олу.
Г1ортор хила г1ийлачунна,
Г1оьнча хила жимачунна.
Г1атта, веача воккханиг –
Г1иллакх ма ду коьртаниг!

**Кхетош-кхиорхо:**

- Г1иллакхаш тайп – тайпана ду:

1. Деца – ненаца, вокхачунца лело дезарг;
2. Некъахь вог1уш – воьдуш лело дезарг;
3. Хьаша – да т1еэцарх, хьошалг1а вахарх лаьцна долу г1иллакх.

Х1инца вай хоттор ду сурт «Вайнехан г1иллакхаш».

**Кхетош-кхиорхо:**

- Некъа вог1уш – воьдуш, автобус чохь, вокханиг йа бер карахь зуда йелахь, охьахаийта йеза. Кхин а шегара товш доцу, нахана новкъарло хир йолу х1ума далийта ца деза.

**Кхетош-кхиорхо:**

- Хьаша веза ву, цуьнан лерам бан хаа деза. Амма хьешашна а хаа деза шен меттиг ларйан. Вуьшта аьлча, цунна т1ехь а ду билгал долу декхарш. Ца ваьлла бен, нахехь буьйса йаккха мегар дац. Х1усамца эвхьаза хила а мегар дац.

Салам деллачул т1аьхьа т1екере йар, хене, бечу балхе, х1оттинчу хьоле, жима – воккхалле, генара – гергара хиларе хьаьжжина хуьлу.

**Кхетош-кхиорхо:**

Дийнан хене хьаьжжина:

- 1уьйре дика хуьлда!

- Де дика хуьлда!

- Суьйре дика хуьлда!

- Де беркате дог1ийла!

- Буьйса маьрша йог1ийла!

**Жам1 дар.**

- Бераш, тахана вай стенах лаьцна дийцира?

- Х1ун бохург ду г1иллакх?

- Стенах лаьцна дара дийцар?

- Дийцарех шу муха кхийтира?

- Г1иллакхе а, оьзда а хила лаьий шуна?

**Кхетош-кхиорхо:**

- Дела реза хуьлда шуна, хьоме бераш.

**Рефлексий ар.**